

Ti konsèy lè wap pran INH:

1. Pran INH ou a menm lè chak jou. Itilize yon kalandrye pou make chak fwa ou pran yon grenn. Li enpòtan anpil pou pa manke yon jou nan medikaman w lan.
2. Piga bwè bwason alkolik pandan wap pran medikaman sa a.
3. Kenbe INH ou an yon kote ki an sekirite kote timoun paka rive ladanl.
4. Sonje kenbe tout randevou w yo.
5. Si w devlope efè segondè, rele enfimiyè depatman lasante nan konte w la ki ap administre tretman w lan oswa doktè w.
6. Enstriksyon espesyal:

Pwochen randevou w la:

Dat:	Lè:
Dat:	Lè:
Dat:	Lè:
Dat:	Lè:
Dat:	Lè:
Dat:	Lè:
Dat:	Lè:
Dat:	Lè:
Dat:	Lè:
Dat:	Lè:
Dat:	Lè:
Dat:	Lè:
Dat:	Lè:
Dat:	Lè:
Dat:	Lè:
Dat:	Lè:

Si w genyen keksyon, rele:



Florida Department of Health
TB Program

DH 150-594, 5/01
Stock Number: 5730-594-0150-6

INH

*Kanpe ankwa ant oumenm
e tibèkiloz*

haitian creole version



Mwen pa malad!

Poukisa mwen bezwen pran medikaman?

Tès ou a montre ke w genyen jèm tibèkiloz (TB) nan kò w oswa ou sot resamman ekspoze a yon moun ki gen maladi TB aktif epi ki ka enfekte lòt moun. Ou poko devlope maladi TB aktif. Koulye a, jèm TB w yo nan yon eta “dòman,” men yo vivan. Yo vwayaje nan plizyè pati nan kò w, tankou poumon w yo, kolòn vètebral ou, oswa ren w yo. Ou genyen sa yo rele “enfeksyon TB laten.” **Lè w genyen enfeksyon TB ki laten, ou paka bay lòt moun TB.**

Sepandan, si w vin genyen yon lòt maladi, oswa ou vin “fatige,” jèm TB a ka soti nan eta dòman li an epi kòmanse devlope plis jèm TB epi sa ka vin debouche sou maladi TB aktif. **Si w devlope maladi TB aktif, ou ka bay lòt moun li, espesyalman moun ki pi pwòch ou yo.**

Kouman pou m wete jèm TB sa yo nan kò m?

Ou ka pran isoniazid, ke yo rele INH tou, yon medikaman TB ki ka touye jèm TB yo. Si w pran medikaman sa jan doktè w preskri, li pral redui chans ou genyen pou devlope maladi TB aktif anpil.

Pandan konbyen tan mwen pral oblije pran INH?

Abityèlman ou pran INH yon fwa pa jou oswa jan doktè w preskri l. Dire tretman an varye ant sis a nèf mwa.

INH travay sèlman lè w pran l regilyèman—chak jou oswa jan doktè w preskri l.

Yo ka mete w nan terapi kote yo obsève w dirèkteman (directly observed therapy oswa DOT) pandan dire tretman w lan. Nan pwogram DOT a yon travayè swen lasante pral rankontre avèk ou nenpòt lè li tan pou pran INH ou a epi lap gen pou l obsève w pandan wap pran medikaman an.

Èske INH san danje?

Etid yo montre ke INH san danje epi se yon medikaman ki efikas pou moun tout laj. Anpil moun pa genyen ankenn pwoblèm pou yo pran medikaman sa a. Tankou lòt medikaman, ou ka jwenn kèk efè segondè. Nòmalman efè sa yo pa dire lontan epi yo disparèt yon fwa tretman an fini.

Si w ta wè ou gen nenpòt nan pwoblèm ki site anba yo, SISPANN pran INH la epi rele doktè w imedyatman oswa enfimyè depatman lasante nan konte w la.

Efè segondè INH:

1. Pèt apeti epi sansasyon fatig san rezon.
2. Pipi ki koulè fonce (koulè te oswa kafe).
3. Koulè zye ki jòn oswa “tèn.”
4. Po koulè jòn, gratèl, oswa po w ap grate w toutan.
5. Pikotman ki pèsistan (“tankou epeng ak zegwi”) oswa angoudisman nan men w ak pye w.
6. Gwo lafyèv san rezon.

Ede pwoteje
tèt ou kont TB!

